


**NaMutungamiri
Dieter F. Uchtdorf**
Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Kunangisa Pakati

Munguva ichangopfuura ndakatarisa chitsama chevanhu vaidzidzira mutambo weuta nemiseve. Kuburikidza nekungotarisa zvakabuda pachena kwandiri kuti kana uchida kuva nyanzvi yekubaya neuta nemiseve, zvinotora nguva uye zvinoda kudzidzira.

Handifungi kuti unokwanisa kuita mbiri yekuva nyanzvi yekubaya neuta nemiseve kubudikidza nekubaya pamudhuri pasina chinhu zvino wozotara minango uchitenderedza miseve. Unofanira kudzidzira zvidawado zvekunangisa pamunango uye nokubaya pakati pawo.

Kutara Minango

Kutanga wapfura museve zvino wozotara munango pashure zvinoita kunge zvisina tsarukano asiwo nedzimwe nguva isu pachezvedu tinotaridza tsika iyoyo mune mamwe mamiriro ehupenyu.

Senhengo dzeChechi tinemaitiro ekuzvibanidza kuzvirongwa zvevhangeri, zviitikwa uye kunyangwe dzidziso izvo zvinoratidzika sezvinonakidza, zvakakosha uye zvinotifadza. Tinoedzwa kutara minango yakapoterredza pazviri zvichiita kuti isu titende kuti tiri kutevera zvikamu zvakanyanya kukosha zvevhangeri.

Izvi zviri nyore kuita.

Munguvadzose dzapfuura takatambira rairo yakanakisisa nekurudziro kubva kuvaporofita vaMwari. Tinowanawo gwara netsanangudzo kubva muzvishambadzwa zvakasiyanasiyana, mabhuku erairo uye nemabhuku edzidziso eChechi. Tinokwanisa kusarudza zvirinyore musoro wenyaya wevhangeri wedu watinonyanya kufarira, totara

pakati pemunango tichitenderedza musoro wenyaya iwoyo, uye tozvipwisa kuti tawana chikamu chinonyanya kukosha chevhangeri.

Muponesi Anojekesa

Iri harisi dambudziko rinowanikwana chete munguva yedu ino. Makarekare vatungamiriri vevhangeri vakapedza nguva yakawanda vachironga nekuita midorongodzwa, nekukakavadzana kuti ndeupi pamazana emirairo wakanga wakakosha zvikuru.

Nerimwe zuva chikwata chevadzidzi vechitendero cha-kaedza kukweva mununuri mugakava. Vakamukumbira kuti ape pfungwa dzake pamusoro penyaya iyo yaiwirirana nwa nevashoma.

“Mudzidzisi”, vakamubvunza, “murairo mukuru pamirairo ndoupiko?”

Tose tinoziva mapinduriro akaita Jesu: “Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose, nomweya wako wese noku-funga kwako kwose.

“Ndiwo murairo mukuru wekutanga.

“Wechipiri unofanana nawo, ndiwoyo: Ida wokwako sezvaunozvida iwe.

“Murairo wose navaporofita zvakabatanidzwa pamirairo iyi miviri.”¹

Ndinokukumbirai kuti mutarisise mutsara iwoyo wokupedzisira: “Murairo navaporofita zvakabatanidzwa zvose pamirairo iyi miviri ”

Muponesi haana kutiratidza munango chete; asi Akati-ratidzawo chikamu chinonyanya kukosha chevhangeri.

Kurova paMunango

Senhengo dzeChechi tinotsidzira kutakura patiri zita raJesu Kristu. Zviripachena muchitsidzirano ichochi inzwisiso yekuti tinozotsungirira kudzidza nezvaMwari, kuMuda, kuwedzera rutendo rwezu maAri, kuMukudza, kufamba nemunzira Yake, uye nekumira takatsungirira sezvapupu Zvake.

Apo tinodzidza zvakanwanda nezvaMwari uye tonzwa rudo Rwavo kwatiri, ndipo patinonyanya kucherechedza kuti kuzvipira kusina magumo kwaJesu Kristu chipo cheumwari chinobva kuna Mwari. Uye rudo rwaMwari runotifemera kuti tishandise gwara rekutendeuka pachokwadi, iro rinotitungamirira kuchishamiso cheruregerero. Iri gwara rinotiita kuti tive nerudo rwakadzama, uye netsiyenyoro kune avo vakatipoteredza. Tinozodzidza kuona zvapakfurikidza mazita okumhura anoiswa pavanhu nokuda kwezvavanenge vaita. Tinozokurira miedzo yekupomera mhosva kana kutonga vamwe kuburikidza nezvivi zvavo, kukundikana kwavo, kutadza kwavo, zvevatongerwo enyika zvanotenda, zvitendero zvavo, rudzi rwavo kana neruvara rweganda ravo.

Tinozoonza munhu wose watinosangana naye semwana waBaba vedu Vokudenga—mukoma, munin’ina kana hanzvadzi.

Tinokwanisawo kunanavira kuna vamwe mukunzwisisana nemurudo—kuyangwe avo vasiri nyore kupawo rudo. Tinozochema nevanochema nekunyaradza avo vanenge vachida kunyaradza.²

Uye tinozocherechedza kuti hapana faniro yekuti tine-tesekane pamusoro pemunango wechokwadi wevhangeri.

Mirairo mikuru miviri ndiyo munango. Murairo wose navaporofita zvakanabatidzwa pamirairo iyi miviri.³ Apotinogamuchira izvi zvimwe zvinhu zvose zvakanaka zvino-bva zvanzwisiswa maererano nekukosha kwazvo chaiko.

Kana tarisiro dzedu, pfungwa dzedu, nekuedza kwe-du zvikanangana nekukudza rudo rwezu kuna Mwari Samasimba, nekupa moyo yedu kune vamwe, tinokwanisa kuziva kuti tawana munango wechokwadi uye kuti takanangisa pakati pemunango wemuseve chaipo—wekuva vadzidzi vaJesu Kristu.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Mateo 22:36–40.

2. Ona Mosaya 18:9-9.

3. Ona Mateo 22:39.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Usati wagovera shoko rino, mungangoimba “Our Savior’s Love”, (*Hymns*, no.113). Zvino funga kukurudzira avo vamunodzidzisa kuti vafungisise pamusoro “peminango” muhupenyu hwavo pachavo. Munokwanisa kukurukura nzira dzekuita chokwadi kuti mirairo mikuru miviri “kuda Ishe Mwari wako” “nekuda wokwako sezvaunozvida iwe”, (ona Mateo 22:37, 39)—inotungamirira maitiro avo nguva dzose. Unokwanisawo kugovera dzimwe nzira dzawakashandisa kuti unangise upenyu hwako pana Kristu nekupupura huchapupu hwekuti izvozvo zvakanuropafadza sei.

VECHIDIKI

Kunyemwerera Kunokwanisa Kuita Mutsauko

Mutungamiriri Uchtdorf vanopangidza zviripache-na zvinangwa zviriri zvatino fanira kuve nazvo pakuita kwedu: pamwe Mwari nekuda vamwe vedu. Asi dzimwe nguva hazvisiri nyore kuda vamwe. Muupenyu hwako hwose, panogona kuva nenguva apo paunoonza zvakaoma kuti uwadzane nevamwe—kuda umwe anenge akakurwadzisa kana kuti unenge wawana zvakaoma kuti utaurirane kana kuyanana neumwe. Munguva idzodzo, edza kuuyeuka rudo rwawakambopiwa neshamwari, mhuri, Baba Vokudenga, naJesu Kristu. Yeuka mufaro wawakanzwa munguva idzodzi uye woedza kufunga mupfungwa dzako kuti dai munhu wose aiwanawo mukana wekunzwa rudo rwakadaro. Yeuka kuti munhu wose mwanasikana kana kuti mwanakomana waMwari, uye anokodzera rudo Rwavo nerwako.

Funga munhu wawange usingawirirani naye muhupenyu hwako muisewo muminamoto yako wokumbira Baba Vokudenga kuti vazarure moyo wako kwaari. Unozotanga kumuona nenguva diki semaonero aVano-muita: seumw seumwe wevana Vavo anokodzera rudo.

Mushure mekunge wanamata itawo chiito chakanaka kwaari. Ungangovakokawo kuchiiito cheMubatani-dzwa kana kumafaro neshamwari. Ipa rubatsiro mubasa rinoitwa rechikoro. Uye unokwanisa kungomumhoresa kana kunyemwerera kwaari. Zvinhu zvidiki zvinokwanisa kuitisa shanduko huru . . .muhupenyu hwedu tose.

Pakati pemunango!

Mutungamiri Uchtdorf vanoti vhangeri rakafanana nedzidziro yekupfura pamunango. Tinofanira kunangisa pane zvinhu zvakanyanya kukosha. Mirairo yakanyanya kukosha ndeye kuda Mwari nekuda vamwe. Kana tikanyatso nangana nezvinhu zviviri izvi, tinokwanisa kurova pakati pemunango nguva dzose.

Tara munango muhombwe pabepa. Ita kuti mubereki averenge mudorongodzwa unotovera kwauri. Kana paine chinhu pamudorongodzwa chinotibatsira kutitiratidze rudo rvedu kuna Mwari nevamwe, chinyorei kana kuchitara pakati pemunango.

Panana nevamwe zvitambiso

Iba masiwiti

Enda kuchechi

Deedza umwe munhu nezita rekutuka

Ita minamoto yako

Mbundira umwe munhu

Irwa nevana vamai vako



Chinangwa cheChita cheRubatsiro

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera.

Rutendo , Mhuri, Rubatsiro

Chinangwa cheChita cheRubatsiro “ndechekugadzirira madzimai kuti vawane makomborero ehupenyu husingaperi,” akadaro Linda K. Burton, Mutungamiri Mukuru weChita cheRubatsiro.¹ Kuburikidza nekutenda, mhuri, nerubatsiro ndiko kunoita kuti titore chinhanho muchikamu chedu chinokosha mubasa raMwari.²

Chita cheRubatsiro “ibasa renyama nemweya,” akadaro Carol M. Stephens, Mutevedzeri Wekutanga Muhutungamiri Hukuru hweChita cheRubatsiro. “Izvi ndizvo zvakaitwa nemadzimai munguva yeMuponesi, uye ndizvo zvatinoramba tichiita.”³

Apo patinotarisa kumudzimai weSamaria patsime, uyo akasiya chirongo chake chemvura akamhanyira kundoudza vamwe kuti Jesu akanga ari muporofita. (ona Johane 4:6–42), kana kuna Fibhi uyo aishandira vamwe vanhu hupenyu hwake hwose achifara (ona Varoma 16:1–2), tinoona mienzaniso yevadzimai munguva yeMuponesi vakatora chinhanho chizere mukuuya

kuna Kristu. Ndiyeyu anozarura gwara redu kuupenyu husingaperi (ona Johane 3:16)

Apotinotarisa kuvaparuri vechidzimai muNauvoo, Illinois, avo vakaungana mumba maSarah Kimball mugore ra1842 kuti vau-mbe bato ravo pachavo, tinoona chirongwa chaMwari mukumisa Chita cheRubatsiro uye chichitevera misimboti yeHufundisi. Mushure mekunge Eliza R. Snow anyora bumbiro remitemo Muporofita Joseph Smith akariongorora. Akacherechedza kuti Chechi yakanga isina kuumbwa zvizere kusvikira madzimai arongwa kuita chita. Akati iye Ishe agamuchira mupiro wavo asi pakanga pane zvimwe zvirinani. “Ndicharonga madzimai vari pasi pehufundisi, zvichitevedza gwara rehufundisi,”⁴ akadaro.

“Chita cheRubatsiro raisango-ve rimwewo boka remadzimai ari kuedza kuita zvakanaka munyika. Raive nemusiyano Raive ‘chinhu chirinani’ nekuti rakaumbwa riripasi pemasimba nemvumo yehufundisi.

Kuumbiwa kwaro kwaive danho rakafanira mukubuditsa pachena basa raMwari panyika.”⁵

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene neRuzivo

Dziziso neZvibvumirano 25:2–3, 10; 88:73; reliefsociety.lds.org

ZVINYORWA

1. Linda K. Burton, in Sarah Jane Weaver, “Relief Society Celebrates Birthday and More March 17,” *Church News*, Mar. 13, 2015, news.lds.org
2. Linda K. Burton, in Weaver, “Relief Society Celebrates Birthday.”
3. Carole M. Stephens, in Weaver, “Relief Society Celebrates Birthday.”
4. Joseph Smith, mu *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 11–12.
5. *Daughters in My Kingdom* 16.

Funga Izvi

Chita cheRubatsiro chinobatsira sei madzimai kuzadzisa basa rehumwari raBaba Vokudenga rakanangana navo nekuvatungamirira kuhupenyu husingaperi?